

Chè Paran/ Responsab,

Objektif lèt sa a se pou enfòmasyon w ke pitit ou a pral pran Evalyasyon Syans Klas 5yèm oswa Klas 8yèm Eta a an Me. Tanpri gade kalandriye ki anba a ak dat tèspesifik nivo klas yo. Y ap voye yon sondaj bay tout elèv ki aktyèlman ap aprann distans. Nou pral voye plis enfòmasyon detaye anvan tèspesifik la.

**Dapre Depatman Edikasyon Florid (FDOE), p ap genyen okenn egzamen leta k ap disponib pou pran sou entènèt.**

Egzamen Syans Leta a pou klas 5yèm ane genyen ladan li 2 sesyon 80 minit tèspesifik sou papye yo bay pandan 2 jou. Egzamen Syans Leta a pou klas 8yèm ane genyen ladan li 2 sesyon 80 minit tèspesifik sou papye yo bay pandan 1 jou. Si oumenm avèk pitit ou ta renmen vin abitye avèk tip fòmasyon ak repons pitit ou pral jwenn nan Egzamen Syans Leta a, genyen egzamen kesyon ak kle repons ki disponib nan <https://FSAssessments.org/students-and-families/practice-tests/paper-based-materials/paper-based-practice-test-materials.stml>

Tanpri revize règleman sa yo avèk pitit ou avan egzamen yo:

- **Aparèy Elektwonik**---Elèv yo pa otorize genyen okenn aparèy elektwonik, enkli, san yo pa limite a, telefòn selilè, telefòn entelijan (smart phone), ak mont entelijan, nan okenn moman pandan egzamen yo oswa pandan poz yo (tankou: ale nan twalèt), menmsi aparèy yo etenn oswa elèv yo p ap itilize yo. Si yo jwenn pitit ou avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a. Pwofesè homeroom yo pral ranmase Telefòn Pòtab yo epi yo pral mete yo nan yon bwat jiskaskè tèspesifik yo fini chak jou.
- **Kalkilatri**---Y ap bay elèv yo kalkilatri 4 fonksyon pou Syans nan klas 8yèm ane nan moman y ap pran egzamen an. Yo p ap kapab itilize okenn lòt kalkilatri. Pou egzamen Syans 5yèm ane an, yo pa kapab itilize kalkilatri.
- **Bay Akò sou Règleman Egzamen yo**---Tout tèspesifik yo enkli yon Akò sou Règleman egzamen yo ki enprime nan fèy tèspesifik elèv la ak kaye repons yo ki di konsa: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa respekte règleman sa yo, yo kapab anile nòt egzamen mwen." Avan egzamen an kòmanse, administratè tèspesifik la ap li règleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règleman egzamen yo lè yo siyen anba deklarasyon an nan fèy tèspesifik la ak liv repons yo.
- **Pale sou Kontni Tès la apre egzamen**---Dènye pòsyon règleman egzamen an y ap li pou elèv yo avan yo siyen anba Akò sou Règleman Egzamen an, deklare: "Poutèt kontni nan tout egzamen leta yo sekirize, ou pa kapab diskite oswa revele detay sou kontni tèspesifik la (enkli atik tèspesifik la, pasaj, ak kesyon) apre egzamen an. Sa enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, imel, oswa poste nan sit medya sosyal yo." Tanpri, fè sèten pitit ou konprann règleman sa avan egzamen yo epi fè yo sonje "diskite" sou kontni tèspesifik la enkli nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye tèks, imel, poste nan medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. Pandan elèv yo pa kapab pataje enfòmasyon sou kontni egzamen yo ki sekirize, règleman sa a pa fèt pou anpeche elèv pale sou eksperyans egzamen yo avèk paran/fanmi yo.
- **Travay Endepandan**---Elèv yo responsab pou fè travay yo pandan egzamen an epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo kenbe elèv yo ap pran pou pandan egzamen an, y ap anile tèspesifik yo. Anplis, FDOE itilize Caveon Test Security pou analize rezilta tèspesifik elèv yo pou detekte repons ki sanble anpil nan yon fason ki pa nòmal. Y ap anile tèspesifik elèv nan yon lekòl yo jwenn ki sanble anpil anpil.
- **Kite Lokal Lekòl la**---Si pitit ou kite lokal lekòl la avan li fini yon sesyon egzamen (tankou pou dejene, randevou, maladi), yo p ap otorize l retounen nan sesyon tèspesifik sa a. Si pitit ou pa santi l byen pandan jou egzamen an, li

kapab pi bon pou li tann epi pran tès la nan yon jou ratrapaj. Sonje, pa fè randevou nan jou ki pwograme pou egzamen.

- **Akomodasyon pou Tès**---Si pitit ou genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP), yon plan Seksyon 504, oswa li se yon Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) oswa li te fèk soti nan ELL, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou akomodasyon pou tès yo pral bali.

Si w genyen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, tanpri kontakte Mrs. L'Etoile at [letoile.alison@Franklin-Academy.org](mailto:letoile.alison@Franklin-Academy.org) or 561-767-4700. Pou plis enfòmasyon sou pwogram Egzamen Leta Florid yo (*Florida Statewide Assessments*), tanpri vizite pòtay la nan [www.FSAssessments.org](http://www.FSAssessments.org).

Mèsi poutèt w ap sipòte pitit ou epi ankouraje l fè tout efò li pandan egzamen Prentan 2021 yo.

sensèman,

Madam Tornopsky